Nou rankontre ankò

Pa Prezidan Thomas S. Monson

Travay misyonè se yon devwa nan Prètriz la---yon obligasyon Senyè a atann nan men nou menm ki resevwa sitèlman anpil la.

Chè frè ak sè byeneme m yo, nou swete nou byenveni nan konferans jeneral la, ki ap retransmèt pa plizyè kalite mwayen toupatou nan mond lan pou moun ka wè l ak tande li. Nou eksprime remèsiman nou pou tout moun ki travay avèk lojistik konplike yo pou reyalize gwo konferans sa a.

Depi lè nou te rankontre ann Avril dènye a, travay Legliz la ap kontinye san pwoblèm. Mwen te gen privilèj pou m te konsakre kat nouvo tanp. Akonpaye pa konseye m yo ak lòt Otorite Jeneral yo, mwen te vwayaje ale Gila Valley, Arizona; Vancouver, British Columbia; Vil Cebu nan Philippines; ak Kiev, Ukraine. Tanp nan chak kote sa yo mayifikman bèl. Yo chak ap beni lavi manm nou yo epi yo gen yon enfliyans pozitif sou moun ki pa nan menm relijyon avèk nou yo.

Sware anvan chak konsekrasyon tanp yo, nou te gen privilèj pou n te wè yon selebrasyon kiltirèl, kote te gen patisipasyon jèn nou yo ak kèk nan sa ki pa twò jèn nou genyen yo. Aktivite sa yo te jeneralman fèt nan yon gwo estad, malgre ke nan Kiev nou te reyini nan yon bèl palè. Dans, chan, prezantasyon kiltirèl ak ekspozisyon yo te trè ekselan. Mwen prezante konpliman mwen ak lanmou mwen pou nou tout ki te patisipe ladan yo.

Chak konsekrasyon tanp se yon festen espirityèl. Nou te santi Lespri Senyè a nan yo tout.

Mwa pwochen nou pral rekonsakre Tanp Laie a an Hawaii, youn nan pi ansyen tanp nou yo, ki ap pase pa anpil gwo reparasyon depi plizyè mwa. N ap tann okazyon sakre sa a vini.

Nou kontinye bati tanp. Maten an, mwen kontan pou m anonse senk lòt tanp ki gen teren deja prepare pou yo epi ki, nan mwa ak ane k pral vini yo **a**pral bati nan kote sa yo: Lisbone, Portugal; Indianapolis, Indiana; Urdaneta, Philippines; Hartford, Connecticut; ak Tijuana, Mexique.

Òdonans yo akonpli nan tanp nou yo vital pou sali nou ak pou sali moun nou yo ki mouri yo. Se pou nou kontinye ale fidèlman nan tanp yo, ki ap bati plis an plis pre manm nou yo.

Kounyeya, anvan nou tande oratè nou yo maten an, kite m mansyone yon bagay ki enpòtan pou mwen epi ki merite bon jan atansyon nou. M ap pale konsènan travay misyonè.

Toudabò, pou jènjan nan Prètriz Aawon yo ak nou menm jènjan ki vin ansyen kounyeya, m ap repete sa pwofèt yo te toujou konn anseye a---ke chak jènjan diy, ki kapab dwe prepare pou yo sèvi yon misyon. Travay misyonè se yon devwa Prètriz---yon obligasyon Senyè a ap atann nan men nou menm ki resevwa si anpil. Jènjan, mwen egzòte nou pou n prepare pou sèvi kòm misyonè. Kenbe tèt nou pwòp ak pi ak diy pou reprezante Senyè a. Kenbe sante nou ak fòs nou. Etidye ekriti yo. Kote sa disponib, patisipe nan seminè oswa enstiti. Familyarize tèt ou avèk manyèl misyonè, *Preche levanjil mwen an.*

Yon konsèy pou nou menm, jèn sè yo: pandan ke nou pa gen menm responsablite Prètriz avèk jènjan yo

pou sèvi kòm misyonè aplentan, nou pote yon bon jan kontribisyon tou antanke misyonè, e nou aksepte sèvis nou.

E kounyeya, nou menm frè ak sè grandèt yo: nou bezwen anpil, anpil, anpil plis koup misyonè. Pou koup fidèl yo k ap sèvi kounyeya ak sa ki te sèvi anvan yo, nou di mèsi pou lafwa nou ak devouman nou nan levanjil Jezikri a. Nou sèvi byen, avèk bòn volonte e nou akonpli gwo bagay.

Pou nou menm ki poko rive nan sezon sa a nan lavi nou kote n ap kapab sèvi kòm koup misyonè, mwen priye nou pou nou prepare jodi a menm kilè nou menm ak konjwen nou ap ka fè sa. Si sikonstans yo pèmèt nou, lè nou atenn laj retrèt, ak si sante nou pèmèt nou, rann tèt nou disponib pou n kite lakay nou pou al fè sèvis misyon aplentan. Pa gen anpil moman nan lavi nou kote nou pral jwi bèl espri ak satisfaksyon ki soti nan bay sèvis aplentan ansanm nan travay Mèt la.

Kounyeya, frè m ak sè m yo, se pou nou mete nou alekout Lespri Senyè a pandan n ap koute sèvitè l yo pandan de jou sa yo. Mwen priye enbleman pou nou chak jwenn benediksyon sa a, nan non Jezikri, Amèn.